

Ana ak Tiga toujou di bon jou ak mès



Liv sa a ap ede elèv yo konprann

RESPÈ AK GRATITID

Ana ak Tiga toujou
di bon jou ak mési


Tit sa a fè pati seri Ana ak Tiga. Se yon seri liv sou aprantisaj sosyal ak emosyonèl ki kreye yon ankadreman pou ti moun ann Ayiti. Ekip sa a gen ladan l savan lokal ak entènasyonal nan domèn edikasyon, sikoloji, sosyoloji, antwopoloji ak relijyon ann Ayiti.

Ekip otè sa yo travay ansanm sou yon seri istwa ak aktivite ki kapab ede elèv yo devlope ladrès yo nan domèn sosyal ak emosyonèl. Otè istwa ak aktivite yo se : Pwofesè Evelyne Trouillot, Pwofesè Bayyinah Bello, Doktè Charlene Désir ak Doktè Anasthasie Libériste-Osirus. Grafis yo se David Campbell avèk Leneen Faith Williams. N ap di yo tout yon gwo mèsè pou bèl istwa sa yo – yon gwo mèsè tou pou kreyativite ak devouman nou tout pou reyalizasyon travay sa a.




Revizyon : MIT-Ayiti





Kad sa a dwe sèvi kòm sous ak gid pou tout moun ki nan sektè ansèyman, espesyalman moun k ap travay nan lekòl ak sa k ap bay sèvis nan òganizasyon ki gen pou wè ak zafè ledikasyon, k ap akonpaye epi ede nan lekòl fondamantal, segondè ak apre segondè. Travay sa a ofri tout eleman kle pou aprann ak pasyon nan kontèks sosyal ak kiltirèl nan istwa peyi nou, Ayiti. Epi tou, travay sa a ofri oryantasyon ak estrateji pou w ka itilize lide pa w, sitou nan sektè ledikasyon. Pou plis enfòmasyon sou travay nou nan alfabetizasyon ak aprantisaj sosyal ak emosyonèl ann Ayiti, tanpri vizite lyen sa a : <https://iei.nd.edu/gc-dwc-haiti>.



Respè ak gratid se konpòtman pozitif nou ka montre lè nou ap kominike avék lòt moun.



Chak maten, lè Ana ak Tiga leve, yo toujou bo manman ak papa yo epi yo toujou di lòt moun nan kay la bon jou.



Lè Ana ak Tiga fin manje, avan yo leve sou tab la, yo di :
« Mèsi manman, mèsi papa ».



Lè Ana ak Tiga ale wè grann yo nan jaden an, yo kouri di li bon jou epi ba li 2 bo nan chak bò figi li.



Chak maten, lè Ana ak Tiga prale lekòl, tout gran moun yo rankontre sou wout la, yo di yo : « Bon jou Madam, bon jou Mesye ».



Ana ak Tiga konprann sa ki rele respè ak gratitud.

Mo vokabilè

Respè : Se fason ou trete tèt ou ak jan ou trete lòt moun. Ou ka gen respè pou lòt moun epi ou ka pa gen respè pou tèt ou.

Lè ou gen respè pou lòt moun, ou pran swen yo, ou ba yo anpil atansyon, ou asire w ou onore moun lan. Ou montre respè pou tèt ou lè ou pa fè bagay ou konnen ki ka fè ou mal.

Gratitid : Se lè ou toujou sonje yon aksyon yon moun te fè pou ou, sitou nan move moman. Ou dwe toujou di mèsi ak montre apresyasyon.

Aktivite

Respè ! Respè ! Li enpòtan. Respè ! Respè ! Li vini nan diferan fason. Lè nou travay ansanm nou ka aprann. Nou respekte, nou bay chak moun yon chans. Respè ! Respè ! Li enpòtan.

Estrateji sosyal ak emosyonèl

- 1 - Ou suiv règleman paran ou.
- 2 - Ou pa bay moun vye non li pa renmen.
- 3 - Ou pa depase limit ou nan bay opinyon ou sou sa lòt moun genyen, jan yo abiye oswa esprime yo yon fason ki diferan ak sa ou panse sou yon sitiyasyon.



GRATITID

Ana ak Tiga






Dwa d otè © 2018 pou Sant Global pou devlopman entegral ti moun pitit

Pou plis enfòmasyon sou travay nou ak resous nou, vizite

<https://iei.nd.edu/gc-dwc-haiti>

Ana ak Tiga

RASANBLE TOUT 7 LIV



Pou plis enfòmasyon sou travay nou ak resous nou, vizite <https://iei.nd.edu/gc-dwc-haiti>

Dwa d otè @ 2018 pou Sant Global pou devlopman entegral ti moun piti. Tout dwa rezève. Pèsòn moun pa gen dwa repwodui oubyen itilize liv sa a ni okenn pati nan li nan okenn fason sòf si li gen pèmision ekri ki soti nan men editè.